

# MODÈNIZASYON ATIK 80 AN REYINYON PIBLIK

23 Oktòb 2024



Planning Department

CITY of **BOSTON**

# BOUTON KONTWÒL ZOOM POU KOUTE ENTÈPRÈT YO



**(EN)** Look for the interpretation icon (globe) at the bottom of your screen and select the language you want to hear.

**(Cabo Verdean)** Djobe ikune di interpretason (un globu) na parti inferior di tela y selesiona bu língua ki bu kre skuta reunion.

**(Kreyòl Ayisyen)** Chèche ikòn entèpretasyon ki gen fòm (glòb) anba ekran ou an epi seleksyone lang ou vle tandè a.

**(Español)** Busque el ícono de la interpretación (globo) en el borde inferior de su pantalla y seleccione el idioma en el que desea escuchar.

**(Tiếng Việt)** Tìm biểu tượng phiên dịch (hình quả địa cầu) ở phía cuối màn hình của bạn và chọn ngôn ngữ bạn muốn nghe.

**(简体中文)** 查找屏幕底部的翻译图标（地球仪），然后选择您想听到的语言。

**(繁體中文)** 查找屏幕底部的翻譯圖標（地球儀），然後選擇您想听到的語言。

# JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON REYINYON KI TRADUI YO

**(EN)** The project presentation has been translated and is available on the Planning Department website::

**(Caboverdean)** Aprizentason di prujétu dja foi traduzidu y sta disponível na pájina di internéti di Ajénsia di Planiaméntu y Dizenvolviméntu di Boston (BPDA):

**(Kreyòl Ayisyen)** Prezantasyon pwojè a te tradui epi li disponib sou sitwèb Boston Planning and Development Agency (BPDA) nan:

**(Español)** La presentación del proyecto se tradujo al español y está disponible en el sitio web de la Agencia de Planificación y Desarrollo de Boston (BPDA) en:

**(Tiếng Việt)** Bài trình bày dự án đã được dịch sang tiếng Tây Ban Nha và có sẵn trên trang web của Cơ quan Kế hoạch và Phát triển Boston (BPDA) tại:

**(简体中文)** 该项目演示文稿已翻译成西班牙语, 可在波士顿规划和发展局 (BPDA) 网站上查看:

**(繁體中文)** 此專案簡報已翻譯成西班牙語, 可在波士頓規劃和發展局 (BPDA) 網站上查看 :



# KONSÈY POU UTILIZASYON ZOOM AK ENFÒMASYON SOU REYINYON YO

Nou pral anrejistre reyinyon sa a epi l ap pibliye l sou paj entènèt pwojè Depatman Planifikasyon an. Si w pa vle nou anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri fèmen mikwo w la ak kamera w la.

Bouton kontwòl Zoom yo disponib nan pati anba ekran ou a. Lè w klike sou senbòl sa yo w ap aktive diferan opsyon.


Itilize fonksyon "leve men" an (konpoze \*9 si w ap patisipe nan telefòn) epi tann yo mande w pou retire w sou silans (konpoze \*6 si w ap patisipe nan telefòn) anvan w poze kesyon oswa anvan w fè kòmantè.




FÈMEN  
MIKWO/LOUVRI  
MIKWO



LEVE MEN W POU YO KAPAB  
METE W NAN LIY MOUN KI  
MANDE POZE YON KESYON  
OSWA POU FÈ YON  
KÒMANTÈ



AKTIVE OSWA  
DEZAKTIVE VIDEYO



AKTIVE SOUTITRAJ YO

# TANPRI MANDE EKSPLIKASYON

---

**Poze kesyon pandan konvèsasyon an ap fèt**

Ekip nou an disponib pou reponn pandan prezantasyon an!

**Mande pou nou eksplike nenpòt tèms oswa konsèp nou te pale sou yo**

Nou vle asire nou sa n ap pale a fasil pou tout moun konprann yon fason pou nou tout kapab di sa nou panse selon konpreyansyon nou!



# ENTWODIKSYON

*Ede nou konprann ki moun k ap patisipe nan salon vityèl aswè a*

1. Nan ki nivo ou abitye ak pwosesis Atik 80 aktyèl la?
  - Abitye anpil, plizoumwèn abitye, abitye, plizoumwèn pa abitye, vreman pa abitye
2. Nan ki katye w ap viv?
3. Nan kisa ou afilye?
  - Manm kominote, manm asosyasyon sivik/katye, defansè, anplwaye piblik, pwomotè, manm ekip pwomotè

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*



# APÈSI REYINYON AN

---

## Pwogramasyon Reyinyon an:

- 6:40- 7:10 pm - Prezantasyon
- 7:11- 8:00 pm - Kesyon ak Repons

## Prezantatè yo:

- **Nupoor Monani**  
*Direktè Adjwen Prensipal Revizyon  
Devlopman*
- **Kristiana Lachiusa**  
*Direktè Adjwen Angajman Kominotè  
Depatman Planifikasyon*
- **Quinn Valcich**  
*Manadjè Pwojè Prensipal pou Revizyon  
Devlopman*



# **KÒD KONDWIT POU REYINYON AN**

---

**Tout patisipan yo dwe respekte youn lòt epi tou yo dwe respekte nenpòt diferans opinyon yo genyen.**

- Nou aksepte diferans opinyon yo, sa ki vle di opinyon ki diferan ak opinyon anplwaye Depatman Planifikasyon yo.
- Toujou montre nou gen bon entansyon lè nou an kontradiksyon oswa an dezakò ak lòt moun.
- Kòmantè konstruktif ak opinyon yo ta dwe fèt sou sijè yo, pa sou moun.

**Pou pèmèt tout moun pale, kòmantè oswa kesyon piblik la ap fè oswa poze yo, chak moun ap gen yon limit 2 minit pou yo pale.**

- N ap aplike limit tan sa yo nan yon fason ki estrik.





# AJANNDÀ

---

1. Kontèks
2. Apèsi Pwopozisyon Preliminè
3. Pwochen Etap
4. Kesyon ak Deba



# AMELYORASYON PWOSESIS REVIZYON DEVLOPMAN NOU AN

**Modènizasyon Atik 80 an** se yon inisyativ Depatman Planifikasyon an te dirije pou revize, analize, ak rekòmande amelyorasyon nan kòd teknik, operasyon, ak pratik angajman kominotè yo ki gen rapò ak pwosesis revizyon devlopman nou an.

**Poukisa nou fè sa kounye a?**



**Manm kominote yo, devlopè yo, ak pèsònèl la** yo tout dakò pwosesis revizyon devlopman Atik 80 Depatman Planifikasyon an demòde, enprevizib, epi li manke transparans.



**Majistra Wu**, nan diskou li an 2023 sou Eta Vil la ak atravè lòd egzekitif li, te mande Depatman Planifikasyon an kreye ak aplike yon pwosesis revizyon devlopman refòme k ap amelyore fason kominote yo, devlopè yo, ak depatman planifikasyon an travay ansanm pou fòme vil la.

# KALANDRIYE PWOJÈ A


2023

2024

2025

KALANDRIYE PWOJÈ A

ANGAJMAN



## KLE ANGAJMAN

- Aktè konsène yo nan Kominote a
- Kominote Devlopman
- Komite Jesyon A80
- Jesyon Vil la ak Ofisyèl Eli yo
- Pèsònèl Meri a
- Sondaj
- Angajman dirèk



# ANGAJMAN KOMINOTÈ AK AKTÈ KONSÈNE YO

## FAZ 1

- 2,600 repons nan kad sondaj yo (atravè 4 sondaj)
- Plis pase 50 gwoup diskisyon (manm kominote ki pa angaje, manm IAG, devlopè, enstitisyon, travayè, pèsònèl vil, avoka, gwoup sivik)
- 2 reyinyon piblik (an pèsòn epi sou Zoom)
- 18 Reyinyon Komite Jesyon

## SANSIBILIZASYON MANM IAG

- Plis pase 220 repons espesifik nan kad sondaj la
- 4 gwoup diskisyon dedye



## FAZ 2

- Konsantrasyon sou kòmantè detaye sou pwopozisyon preliminè yo
- **10 atelye.** 8 reyinyon an pèsòn nan tout vil la ak 2 reyinyon vityèl
  - Brighton
  - Fenway
  - Downtown
  - East Boston
  - Dorchester
  - Roslindale
  - South Boston
  - Roxbury
- **230 repons nan kad sondaj**
- **11 gwoup diskisyon** (manm IAG, devlopè, enstitisyon, travayè, pèsònèl vil, avoka, gwoup sivik)

## Odyans Konsèy Vil La SANSIBILIZASYON GLOBAL

- Kanpay sansibilizasyon nimerik
- Distribisyon feyè an pèsòn nan tout vil la



# REZIME RECHÈCH AK OPINYON

## KOMINOTE

- Pwosesis angajman pa pran opinyon tout abitan Boston yo. **77% nan patisipan sondaj yo ta renmen plis opsyon angajman**
- Wòl ak estrikti gwoup konsiltatif yo ta dwe gen revizyon ak klarifikasyon ki fèt sou yo
- Pwosesis rediksyon risk ansanm ak avantaj kominote a ofri yo prezante konfizyon epi yo enkonsistan. 82% nan patisipan sondaj te di Meri a ta dwe **adopte yon apwòch ki pi estanda pou rediksyon risk**

(Existing Participant Survey, Fall 2023)

## DEVLOPÈ

- **Kalandriye ak previzibilite se pwoblèm ki pi enpòtan yo ta dwe rezoud.** 86% moun ki reponn sondaj yo pa dakò kalandriye ki kreye pou trete aplikasyon yo previzib
- Opinyon pa meri a souvan lakòz gen konfli, yo pa pataje yo nan bon moman an, epi yo pa gen okenn rapò ki klè ak priyorite jeneral li yo.
- **Pwosesis rediksyon risk lan pa konsistan**
- Gwoup Konsiltatif sou Enpak yo pa toujou fè remak ki pwodiktif oswa ki pote yon sèten avantaj

(Developer Stakeholder Survey, Fall 2023)

## VIL KONPARAB

- Tout meri vil nou etidye yo ofri yon pwosesis “revizyon an menm tan” pou amelyore efikasite.
- Nan sa k gen pou wè ak rediksyon risk, Boston se yon ka klèman espesyal.
- Pa gen yon pi bon pratik konsistan pou angajman kominotè



**Modènizasyon Atik 80 an ap vin ansanm ak yon pwosesis revizyon devlopman ki pi previzib ak transparan pou tout antite konsène yo**

## **KISA SA VLE DI?**

- Angajman alavans epi ki pi jis
- Depans ak kalandriye ki previzib
- Desizyon transparan ak ansanm remak ki klè

## **E APRE, SA K AP GENYEN?**

- Nou pibliye "Plan Aksyon" Modènizasyon Atik 80 an nan dat 25 septanm epi nou pral aksepte remak moun jiska dat 20 novanm.

# APÈSI PLAN AKSYON AN

ANGAJMAN  
EFIKAS

01

## Divèsifye Kontribisyon nan Devlopman

*Nan kreye plis opòtinite pou patisipasyon kominote a*



ESTANDA  
KONSISTAN

02

## Elimine Konfli nan Apwobasyon yo

*Pandan n ap estandarize mezi diminisyon ak avantaj kominote yo*



REVIZYON  
KOWÒDONE

03

## Evite 3 Etap an Avan 2 Etap Dèyè

*Atravè yon pwosesis apwobasyon transparan, sekansyèl ak kowòdone*



## PLAN AKSYON

- Rezilta Angajman
- Analiz vil konparab
- Analiz kondisyon ki egziste deja
- Pwopozisyon preliminè



# PWOPOZISYON PRELIMINÈ | CHANJMAN FONDAMANTAL

## ANGAJMAN EFIKAS

01

### Divèsifye Kontribisyon nan Devlopman

*Nan kreye plis opòtinite pou patisipasyon kominote a*

**1A.** Kreye plis opòtinite pou aprann de pwojè yo ak fasilite opinyon yo, tankou sondaj sou entènèt

**1B.** Ranplase gwoup konsiltatif aktyèl yo ak Ekip Konsiltatif Kominotè yo (CATs), yon nouvo estrikti ki pral reprezante divèsite Boston, pandan y ap kenbe ekspètiz ki egziste deja

## ESTANDA KONSISTAN

02

### Elimine Konfli nan Apwobasyon yo

*Pandan n ap estandarize mezi diminisyon ak avantaj kominotè yo*

**2A.** Ekri nouvo definisyon pou avantaj nan kominote a ak rediksyon risk tou

**2B.** Etabli règleman klè sou montan dola pou chak pye kare pou enpak rediksyon risk nan kad transpò ak enfrastrikti epi pou espas ouvè ak espas piblik yo

**2C.** Kreye koneksyon pi solid ant planifikasyon resan ak avantaj kominote a epi avantaj nan kominote a

**2D.** Egzije pwomotè yo pou yo depoze yon nouvo deklarasyon sou enpak depasman yo

**3A.** Fòmalye pwosesis depo alavans epi aliyen sekans depo sou pratik endistri yo

**3B.** Sekirize desizyon kle yo alavans atravè yon "Detèminasyon Karaktè Adekwa Inisyal"

ki kapab bay yon repons negatif ("non") ki klè epi rapid pou pwopozisyon ki ap apwopriye yo

**3C.** Fè mizajou ak aplike delè repons yo

**3D.** Kreye ekip egzamen pòtfolyo ant departman yo epi amelyore siveyans pèfòmans ki baze sou done yo

## REVIZYON KOWÒDONE

03

### Evite 3 Etap an Avan 2 Etap Dèyè

*Atravè yon pwosesis apwobasyon transparan, sekansyèl ak kowòdone*







# APÈSI PLAN AKSYON

---



# ANGAJMAN EFIKAS

---

CHANJMAN DEBAZ 1

# REZILTA ESPERE | Divèsifye kontribisyon nan devlopman

## CHANJMAN DEBAZ 1



Vini ak nouvo vwa nan rediksyon obstak ki genyen nan patisipasyon



Bati relasyon sou konfyans ak transparans



Demontre kijan nou apresye tan manm kominote yo nan kolekte epi dokimante remak yo avèk efikasite



Kreye pratik konsistan kote ki gen enkonsistans jodi a

## PWOCHEN ETAP YO

Angajman ak analiz adisyonèl

Kreye modèl pwopozisyon ak estanda pou angajman




# ANGAJMAN EFIKAS

## CHANJMAN DEBAZ 1

*Patisipan yo ki nan pwosesis revizyon devlopman aktyèl la pa nesèman se reprezantan vil Boston. Metòd sansibilizasyon yo itilize jodi a konsène prensipalman pwopriyetè kay yo, rezidan ki la depi lontan yo, ak rezidan blan yo.*

### EXISTING PARTICIPANTS SURVEY




Existing Participant Survey, Fall 2023

### COMMUNITY BARRIERS SURVEY



Community Barriers Survey, Fall 2023

### CITY OF BOSTON OVERALL



2020 US Census, 2018-2022 ACS



# ANGAJMAN EFIKAS

## CHANJMAN DEBAZ 1

- 1) **Entwodwi metòd modèn angajman pou redui obstak ki genyen nan patisipasyon**  
Atravè metòd dijital, an pèsòn ak enprime.
- 2) **Egzije angajman alvans nan men devlopè yo**  
Kreye pratik ki konsistan pandan y ap egzije tout devlopè yo soumèt yon plan angajman kòm premyè etap nan pwosesis revizyon an, ansanm ak yon rapò angajman ki dokimante rezilta yo
- 3) **Ranplase gwoup konsiltatif aktyèl yo ak Ekip Konsiltatif Kominotè yo (CATs), yon nouvo estrikti ki pral reprezante divèsite Boston, pandan y ap kenbe ekspètiz ki egziste deja**

“

*Pou atenn yon gwoup divès,  
efò sansibilizasyon yo dwe  
divèsifye*

-Manm Kominote, Dorchester

”



# EGZANP NOUVO METÒD ANGAJMAN

## CHANJMAN DEBAZ 1

### ENPRIME

Feyè oswa enfografik ki fasil pou konprann toupre sit pwojè a

**Sinyalizasyon sit la** yon fwa pwojè a kòmanse pwosesis revizyon an, ansanm ak lyen pou rasanble remak

### DIJITAL


**Sondaj sou entènèt** ki distribiye avèk èd CBO yo epi ki òganize sou yon sit entènèt pwojè a

**Sondaj rapid** sou demann avantaj kominotè yo  
Ouvèti **yon liy apèl** pou pwojè

### AN PÈSÒN

Vizit gide oswa **mache sou sit la**  
Sant kominotè ak sant enfòmasyon

**Atelye Vizyonman**  
Tab nan yon evennman kominotè oswa festival  
Yon evennman tanporè manm pèsònèl yo kreye toupre sit la




# ANGAJMAN ALAVANS

## CHANJMAN DEBAZ 1

Egzije devlopè yo pou yo bay piblik la opòtinite alavans pou yo aprann sou yon pwojè ak pataje remak yo anvan gen desizyon ki pran.

- + Angajman alavans ka pèmèt devlopè yo ak moun ki gen enterè nan kominote a kolabore pi byen epi aliyen yo sou desizyon ki gen pi gwo enpak yo.
- + Kèk devlopè pwojè deja fè angajman alavans. Rekòmandasyon sa pwopoze pou **estandardize pratik sa pami tout devlopè yo.**



nan moun nan kominote a ki te reponn kesyon yo te dakò "Komantè piblik fèt nan bon moman pandan pwosesis Atik 80 la."



nan moun ki reponn kesyon nan sondaj kominotè yo dakò Depatman Planifikasyon an "fè yon bon travay lè l pibliye aplikasyon yo epi enfòmè piblik la sou peryòd kòmantè piblik yo

# KREYE EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ

## KISA YON EKIP KONSILTATIF KOMINOTÈ (CAT) YE?

Yon gwoup manm kominote a ki reyini pou egzaminen ak bay konsèy sou pwojè devlopman nan yon katye.

### CHANJMAN DEBAZ 1

REDUI OBSTAK

ASIRE PREPARASYON

AMELYORE TRANSPARANS

KONEKTE AK PLANIFIKASYON

PATISIPASYON

Ekip Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Teams, CATs)



Yon pèsònèl devwe pou ede nan fasilite diskisyon yo  
Reyinyon yo ofri **sèvis gadri, tradiksyon, ak alokasyon** pou patisipasyon



Fòmasyon pou devlope yon **baz global ekspè sitwayen** an patenarya ansanm ak òganizasyon kominotè yo



Wòl revizyon, kòd kondwit, ak règ konfli an tèm enterè ki **klè epi aplike**  
**Manda fikse avèk yon limit pou manda sa a**



Revize yon gwoup pwojè nan yon zòn



**Patisipasyon divès epi global** atravè yon konbinezon seleksyon owaza, aplikasyon, ak nominasyon

Kijan yo konpare ak Gwoup Konsiltatif sou Enpak yo (IAG)?

Responsab pwojè yo jere IAG nan kad fonksyon yo  
Pa gen estanda an tèm aksesibilite

Pa gen fòmasyon

Wòl ki pa klè, atant ak règ enkonsistan an tèm reyinyon  
Pa gen limit manda

Revize yon pwojè endividyèl

Pa gen estanda pou divès reprezentasyon



# KISA SA VLE DI POU MWEN?

Ap gen plis opòtinite pou aprann epi pataje remak sou pwojè yo

## EGZANP OPÒTINITE POU ENFÒME SOU YON PWOJÈ KI PWOPOZE



FLYERS POSTED AT LOCAL LIBRARY



SIGNAGE NEAR DEVELOPMENT SITE

Bonnie scans the QR code and completes a survey to share which areas of concern are most important to her.



Hugh learns about the development project proposal and attends the **developer-led site walk**.

He listens to the developer's ideas for the project and appreciates the opportunity to share his knowledge of the area's existing conditions.

"MANY PEOPLE CROSS THE STREET AT THIS CORNER, BUT THERE ISN'T A CROSSWALK"



# SONDAJ: Kisa w panse konsènan Pwopozisyon Preliminè 1 an: Angajman Efikas?

## ENSTRIKSYON:

Reponn chak kesyon pandan w ap fè yon klasman sou yon echèl 1 rive sou 5

| 1                                      | 2                               | 3  | 4   | 5  |
|--|---------------------------------|--|---|--|
| Mwen pa panse rekòmandasyon sa yo bon. | Mwen pa sèten lide sa yo ap ede | Mwen pa konprann ide a ase pou m fè remake | Sanble bon anpil, menm si nou gen bezwen travay sou detay yo plis | Trè byen! Kontinye epi panse ak fason pou "grandi" |

## KESYON:

1. Kisa ou panse sou lide pou nouvo metòd angajman yo?
2. Kisa ou panse sou lide pou gen angajman alavans lan?
3. Kisa ou panse sou lide pou gen Ekip Konsiltasyon Kominotè?

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*





# ESTANDA KONSISTAN

---

CHANJMAN DEBAZ 2



# RESILTA ESPERE | Previzibilite + Transparans

## CHANJMAN DEBAZ 2



**Kominote yo konprann kijan pwojè espesifik ede reyalize objektif planifikasyon yo**

Nouvo estanda yo kode nan politik klè oswa nan zouti delimitasyon zòn yo



**Devlopè yo klarifye alavans sou depans yo**

Moun ki pwopoze pwojè yo pa sezi poutèt demann dènnye minit yo



**Manm pèsònèl Meri a kapab planifye yon fason previzib**

Fòmil yo ofri yon kad pou avantaj an nati espesifik ki adapte a pwojè epi ki pèmèt yon pwosesis priyorite ki klè

## PWOCHEN ETAP

Dilijans rezonab ak analiz adisyonèl



# NOUVO DEFINISYON

## CHANJMAN DEBAZ 2A

### APWÒCH

- Etabli yon **liy ki klè epi ki previzib ant mezi diminisyon ak avantaj kominotè yo**
- **Koresponn ak kad jiridik etabli yo** itilize nan vil kanmarad yo
- **Idantifye epi diminye depasman** atravè nouvo zouti yo

## DEFINISYON PWOPOZE



### REDIKSYON

Rekonstitisyon byen ak sèvis piblik ki te konsome oswa afekte dirèkteman atravè efè ekstèn dirèk yon pwojè pou kenbe kantite ak kalite aktyèl byen ak sèvis piblik yo.



### AVANTAJ KOMINOTÈ

Kontribisyon volontè yon devlopè pou amelyorasyon byen ak sèvis piblik yo.



### KREYE ENFRASTRIKTI

Eleman enfrastrikti ki nesesè pou reyalizasyon pwojè a, tankou amelyore enfrastrikti dapre estanda vil la. Egzanp, egzijans ki sou sit la oswa touprè yo dwe konfòme yo ak estanda Lwa Ameriken sou Andikape yo (Americans with Disabilities Act, ADA).

# ESTANDARIZE DIMINISYON AK AVANTAJ KOMINOTÈ YO

## CHANJMAN DEBAZ 2B

### Rediksyon Risk

(AN NATI AK AN ESPÈS)

Ajoute de nouvo kategori diminisyon, anplis IDP ak Lyezon

- Transpò ak enfrastrikti
- Domèn piblik ak espas ouvè

### Avantaj Kominotè

(AN NATI AK AN ESPÈS)

Kreye yon “meni opsyon” pandan y ap itilize kategori estanda ki baze sou planifikasyon resan ak bezwen kominotè yo




Plan Vil ak Katye yo, Evalyasyon Bezwen yo, Politik Vil yo

## NOU TANDE KÒMANTÈ PATISIPAN ATELYE NOU YO...

Sèlman 11% ki dakò:

Apwòch vil la an tèm diminisyon rete konsistan soti nan yon pwojè pou ale nan yon lòt pwojè


Lojman, espas ouvè, ak transpò se twa kategori ki pi enpòtan pou diminisyon ak avantaj kominotè



Lojman



Transpò



Espas Ouvè

# DIVILGASYON ANTI DEPLASMAN

## CHANJMAN DEBAZ 2D

*Depatman Planifikasyon pral kolekte yon nouvo Divilgasyon Anti-Deplasman*

### PWOSESIS

- Pwopozan yo ap soumèt yon Divilgasyon Anti-Deplasman nan kòmansman pwosesis revizyon Atik 80 an
- Divilgasyon an idantifye kondisyon sit ki egziste deja ansanm ak nenpòt risk pou depasman dirèk nan itilizasyon rezidansyèl, komèsyal ak kiltirèl.

### REZILTA

- Evalue enpak potansyèl depasman rezidansyèl, komèsyal ak kiltirèl yo, si genyen
- Dokimante, vaorize, ak verifye mezi devlopè yo ap pran pou redui depasman
- Idantifye opòtinite pou gen plis sipò pwowaktif bòkote Meri an atravè depatman ki enpòtan yo

### PWOCHEN ETAP

Kowòdone Plan Anti-Deplasman nan tout vil la gras ak anpil efò



# KISA SA VLE DI POU MWEN?

Avantaj kominotè yo pral ann amoni ak planifikasyon epi ak bezwen kominote a

## MANM KOMINOTE A KAPAB KOMINIKE PREFERANS YO POU AVANTAJ KOMINOTÈ.

### PUBLIC WORKSHOP



Hugh attends a second public workshop where he learns how the project has progressed and shares feedback on how to prioritize community benefits.

### SURVEY SENT VIA TEXT

Survey asks participants to rank their preferences for community benefits



Bonnie can express her preferences for community benefit options without feeling pressured to dedicate a significant amount of her time to the process.

### CAT MEETING



Wanda works with the other CAT members to review community feedback and finalize community benefits (based on their knowledge of recent planning efforts and neighborhood knowledge.)

The Community Advisory Team works with the Planning Department to submit a document with suggested community benefit allocations, where she is proud to reflect her neighborhood's priorities.

### MY PREFERENCES:

1. SIGNALIZED INTERSECTION
2. MORE AFFORDABLE UNITS
3. STREET TREES



# SONDAJ: Kisa w panse konsènan Pwopozisyon Preliminè 2 an: Estanda Konsistan?

## ENSTRIKSYON:

Reponn chak kesyon pandan w ap fè yon klasman sou yon echèl 1 rive sou 5

| 1                                      | 2                               | 3   | 4   | 5  |
|--|---------------------------------|---|---|--|
| Mwen pa panse rekòmandasyon sa yo bon. | Mwen pa sèten lide sa yo ap ede | Mwen pa konprann ide a ase pou m fè remak | Sanble bon anpil, menm si nou gen bezwen travay sou detay yo plis | Trè byen! Kontinye epi panse ak fason pou "grandi" |

## KESYON:

1. Kisa ou panse sou lide pou nouvo definisyon yo?
2. Kisa w panse apwopo kreyasyon de nouvo kategori rediksyon risk pou transpò ak enfrastrikti epi pou espas ouvè ak espas piblik yo?
3. Kisa ou panse sou kreyasyon nouvo estanda pou avantaj kominotè ki pèmèt pi bon koneksyon ak planifikasyon?
4. Kisa ou panse sou lide pou nouvo divilgasyon anti deplasman an?

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*



# REVIZYON KOWÒDONE

---

**CHANJMAN DEBAZ 3**

# REZILTA ESPER | Konsistans + Amelyorasyon Kowòdinasyon

## CHANJMAN DEBAZ 3



Mizajou nan kòd delimitasyon zòn yo pou satisfè bezwen revizyon devlopman modèn yo



Aliyen etap revizyon yo ansanm ak pratik endistri yo pou revize bon bagay yo nan bon moman an



Fikse eleman enpòtan pwojè yo ki pèmèt ekip devlopman yo avanse konsepsyon an



Meri Vil la "pale ak yon sèl vwa" epi li bay devlopè yo yon direksyon klè

### PWOCHEN ETAP

Redaksyon yon tèks mizajou sou delimitasyon zòn Redaksyon tèks delimitasyon zòn nan pral pibliye pou kòmantè piblik

# REVIZYON KOWÒDONE

## CHANJMAN DEBAZ 3

- 1) Fòmalize pwosesis depo alavans epi aliye sekans depo sou pratik endistri yo
- 2) Bay yon repons negatif ("non") ki klè epi rapid pou pwopozisyon ki ap apwopriye yo epi kenbe fèm nan desizyon kle yo
- 3) Fè mizajou ak aplike delè repons yo
- 4) Kreye ekip revizyon dosye nan tout vil la


## KONDISYON KI EGZISTE DEJA

*Plis pase 75% nan ti pwojè yo ak 80% nan gwo pwojè yo pa te respekte kalandriye kòd la enpoze depi 2014*

### Poukisa kalandriye legal yo pa respekte

- Peryòd kòmantè pwolonje ak demann pou pwolongasyon
- Negosyasyon pou rediksyon risk
- Pwojè yo jeneralman pi gwo epi pi konplèks jodia

## NOU TANDE KÒMANTÈ AKTÈ KONSÈNE EKSTÈN NOU YO NAN YON SONDAJ...



**Dakò:**

Dire tan pou trete aplikasyon mwen an te previzib



**Dakò:**

Dire tan pou trete aplikasyon mwen an te satisfè atant mwen yo

# PWOSESIS DEPO AKTYÈL (GWO PWOJÈ)

## CHANJMAN DEBAZ 3A



### PWOBLÈM AKTYÈL


- Pre-dosye ki enkonsistan ak endefini
- PNF ki difisil pou revize avèk efikasite
- Chanjman dènnye minit "ki kapab kontinye pou tout tan"
- Remak ki pa apwopriye epi ki lakòz konfli

### OPÒTINITE

- Fòmalye pre-dosye a
- Rasyonalye klasman dokiman dosye ak modèl
- Kreye kapasite pou vin ak desizyon alavans
- Pale ak yon sèl vwa atravè tout departman yo

# ESTRIKTI POU DEPO KI PWOPOZE

CHANJMAN DEBAZ 3A



# KALANDRIYE AK DONE: PREVIZIBILITE OPERASYONÈL

## CHANJMAN DEBAZ 3C

| DEPOZE MODÈL SOUMISYON /FÒMA   | KALANDRIYE KI APLIKE POU REVIZYON MANM PÈSONÈL LA  | REMAK ESTANDA, ALEKRI   | MIZAJOU DONE FONDAMANTAL   |
|--|--|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"><li>Obligasyon pou reponn a tout kòmantè, menm si repons sa a se pou endike yo pa pral entegre remak evalyatè yo fè yo</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>Tout evalyatè potansyèl yo pral gen yon tan byen presi pou fè kòmantè nan chak etap</li><li>Yo dwe endike "okenn kòmantè" si yo pa gen okenn kòmantè</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>Yon sèl dokiman ki konsistan ki entegre remak tout depatman nan Meri Vil la</li><li>Idantifye atik "nesesè" fas ak atik ki "bon pou genyen" yo.</li><li>Revizyon segondè yo pral konsantre sèlman sou revizyon ki fèt deja yo, epi yo pa pral pale sou nouvo pwoblèm yo ta ka idantifye nan premye revizyon an.</li></ul> | <ul style="list-style-type: none"><li>Fè diferans ant pwojè k ap tann pou Meri a pran mezi ak pwojè k ap tann pou moun/antite ki pwopoze a pran mezi</li><li>Kontwole kalandriye demach revizyon endividyèl yo ansanm ak Depatman Planifikasyon yon sèl kou</li><li>Otomatikman mete aksan sou pwojè ki pa enkli nan kalandriye ki prevwa yo nan rapò operasyonèl yo</li></ul> |

## PWOCHEN ETAP

Lòt analiz ansanm ak gwoup travay nan tout vil la



# SONDAJ: Kisa w panse konsènan Pwopozisyon Preliminè 3 an: Revizyon Kowòdone?

## ENSTRIKSYON:

Reponn chak kesyon pandan w ap fè yon klasman sou yon echèl 1 rive sou 5

| 1                                   | 2                               | 3   | 4   | 5  |
|-------------------------------------|---------------------------------|---|---|--|
| Mwen pa panse rekòmasyon sa yo bon. | Mwen pa sèten lide sa yo ap ede | Mwen pa konprann ide a ase pou m fè remak | Sanble bon anpil, menm si nou gen bezwen travay sou detay yo plis | Trè byen! Kontinye epi panse ak fason pou "grandi" |

## KESYON:

1. Kisa ou panse sou lide pou fòmalize pwosesis pre-depo a epi aliyen sekans depo an ansanm ak pratik endistri yo
2. Kisa ou panse sou lide pou Meri a bay yon repons negatif ("non") ki klè pi rapid pou pwopozisyon ki ap apwopriye yo epi kenbe fèm nan desizyon kle yo
3. Kisa ou panse sou lide pou gen yon tan repons ki ajou epi ki aplikab?
4. Kisa ou panse sou lide pou gen ekip revizyon dosye nan tout vil la ki kreye?

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*





# FÈMEN SONDAJ LA: *Ede nou konprann priyorite w pou nou amelyore*

## ENSTRIKSYON:

Klas rekòmandasyon yo nan lòd priyorite

### 1. **Rekòmandasyon 1:** *Angajman Efikas*

- Plis opòtinite pou aprann akfè bon jan remak
- Ekip Konsiltatif Kominote pou ranplase gwoup konsiltasyon aktyèl yo

### 1. **Rekòmandasyon 2:** *Estanda Konsistan*

- Definisyon pou avantaj nan kominote a ak rediksyon risk
- Nouvo kategori rediksyon risk pou transpò ak enfrastrikti epi pou espas ouvè ak espas piblik yo
- Koneksyon ki pi solid ant planifikasyon resan ak avantaj kominote a
- Nouvo deklarasyon sou enpak depasman yo

### 1. **Rekòmandasyon 3:** *Revizyon Kowòdone*

- Mizajou sou pwosesis pou depo
- Repons negatif ("non") ki klè ak byen rapid pou pwopozisyon ki pa apwopriye yo.
- Delè repons ki ajou epi ki aplike
- Ekip revizyon ant depatman

*Si ou pa ka fè sondaj la fonksyone, ou lib pou w ajoute repons ou yo nan konvèsasyon an*





# PWOCHEN ETAP

---

# PATAJE REMAK AK KESYON OU

1. Tanpri fini ak sondaj la anvan dat 20 novanm 2024.
2. Soumèt remak ou yo nan pati anba paj pwojè nou an.
3. Voye remak ou yo ba nou nan imèl sa a:  
**article80modernization@boston.gov**



PAJ PWOJÈ



SONDAJ



City of Boston  
Planning Department

## Improving our Development Review Process: Action Plan Survey

The Planning Department has released an [Action Plan](#) to share our ideas for how we can improve our development review process. Please share your feedback with us by November 20, 2024. If you have additional comments, questions, or ideas please email us at [article80modernization@boston.gov](mailto:article80modernization@boston.gov) or [share your comments](#) in the comment box at the bottom of our project page.

Check out the Action Plan and learn more about this project by visiting our website page: <https://www.bostonplans.org/projects/improving-development-review-process-article-80>

- [Comparta sus opiniones en Español](#)
- [用中文分享你的看法](#)
- [用中文分享你的看法](#)
- [Pataje opinyon w an kreyòl ayisyen](#)
- [Konpartilha bus opinion](#)

kristiana.lachiusa@boston.gov [Switch account](#)

Not shared

1. Are these draft changes to the development review process overall heading in the right direction?

- Yes
- Somewhat
- No
- Unsure



An aerial photograph of a coastal city, likely New York City, showing a mix of urban buildings, green spaces, and a large body of water. The city is densely packed with buildings, and there are several parks and green areas interspersed throughout. The water is a deep blue, and there are some smaller islands or peninsulas visible in the distance. The overall scene is bright and clear, suggesting a sunny day.

# KI KESYON W GENYEN?

---

Tanpri ekri kesyon ou yo nan tchat la oswa leve men ou epi poze kesyon ou yo nan de minit